Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 9 (7854)
6 март
Хамиз 2025 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «САДОВОД»

## ТалихI-рохел, нужее руччаби

Хириял руччаби!

РакI-ракIалъ баркула, нужеда, бищунго берцинаб, бищунго гвангъараб ихдалил праздник – 8 Март. Гьеб буго бакъул хинал чIоралгун, чIаголъулеб, цIилъулеб тIабигIатгун, щибаб соналъго бачIунеб байрамазул цояб. Гьелъулъ бессун буго чIужугIаданалъул сипаталда хурхараб кинабго гьайбатабщинаб. Гьеб къоялъ нилъеца кIодо гьарула нилъ гьарурал, кодоре рачун нилъ реэдарал, кинидахъ хIайранал кучIдул ахIарал, нилъер хIеренал, кидаго нилъ рекIел хинлъиялъги, тIалабагъазалъги сверун ккурал улбул, нилъер къадруял, къиматал, хIажаталъур нилъер хьолбохъ ратулел ясал ва яцал.



Хириял улбул, яцал ва ясал! Щибаб хъизаналъул рухIияб рацIалъиги хинлъиги цIунулел, хIалхьи лъаларел нужелъ бихьула лъикIабщинаб. Мекъи ккеларо чIужугIадан гьечIони ракьалда гIумру букIинарин абуниги. ЧIужугIадан гьечIеб рукъ – гьеб буго цIа свараб гъасито. ЧIужугIаданалъул кверазги гIакълуялъги, махщалицаги гIуцIула дунял, данде бачуна хъизан-рукъ, кIудияб ва жавабчилъи цIикIкIараб роль хIалтIизабула общественниябгун жамгIияб гIумро цебетIезабиялда. Доб Совет хIукуматалъул заманалда гIадин жакъаги дагьаб хIалтIи гуро руччабаз гьабулеб бугеб гIун бачIунеб гIелалъе тарбия-лъай кьеялъеги, халкъалъе медицинаялъулгун социалияб хъулухъ гьабиялдаги ва цогидал бутIабаздаги. ЧIужугIадан кидаго мустахIикъай йиго рещцалъеги адабхIурматалъеги.

Гьарула кинавго ручча базе ракълилаб гIумро, талихIгун рохел, щулияб сахлъи. Биччанте киналго хъизанал рахIаталда ва гьарзалъиялда рукIине. Иманги, талихIги, икъбалги, нужее, нижер хириял ручча би!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

Туризм

## Объектазул хал гьабуна



«Унсоколо район» МОялъул бетIерасул тIадкъаялда рекъон ведомствабазда гьоркьосеб хIалтIул комиссиялъул иргадулаб данделъи тIобитIана муниципалитеталъул бюджетазул хайиралъулаб бутIа цIикIкIинабиялде буссараб суалги гьоркьоб лъун. Хасаб тасдикъ гьабураб графикалда рекъон, щибаб нухалъ налогазул хъулухъалъул ва ОМВДялъул вакилзабиги гIахьал гьарун, ахIула гьеб комиссиялъул данделъаби. Гьедин комиссиялъ гьал къоязда халгьарияя тIоритIана туризмазул ва гьалбадерил объектазда, цогидалги туристал гIолел бакIазда. Комиссиялъул халгьариязул аслияб мурад букIана бакIазул реестрал цIезари, гьезул бетIергьабазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьаби, законалда данде кколел документал гьари ва гьезие хIалтIизаризе ихтияр щвеялъе кумек гьаби.

Жакъа къоялде комиссиялъ хал гьабун буго 9 туристазул объектазул. Рихьуни ва ГьаракIуни росабазул жеги ран рахъинчIел 2 объектал хIалтIизе риччан руго. Гьединго туристазул сезон байбихьизегIан къан тун руго жеги 7 объект. 9 налогазул органазда хъвай-хъвагIай гьабураб объекталдасан хIалтIизе биччан буго 5 объект.

Лъимал-битIараб нухде

## БитIараб балагьи куцаялъе



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда букIана саназда рахинчIел лъималазулгун хIалтIи гьабиялъул ва гьезул ихтияр цIуниялъул комиссиялъул данделъи. Гьеб рагьана ва нухда бачана КДНалъул пред. Ж. Шамсудиновас. Данделъиялда кIвар буссинабун букIана кIвар кьечIого лъимал теялде, лъималазулгун хIалтIи гьабиялъе цIияб СПТ тестазул, гьел санагIат гьечIел ишазде гьоркьоре ккунгутIиялъе ресал хIалтIизариялъе.

Суалалда хурхун кIалъана «Унсоколо район» МОялъул лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъан А. МухIамадгIалиева. Аслияб къагIидаялда гьоркьоб лъун букIана саназде рахинчIел цIалдохъаназда тIад гьабураб административияб материалал. Ккараб ахIвал-хIалги хIисабалде босун, гьесда тIад кьотIана 500 гъур гIарац. Данделъиялъул ахиралда бихьизабуна гьединабго ункъго материалалъухъ балагьизе ругин гIагарал къояздa,-абун.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 9 (7854)
Хамиз 6 март
2025 сон



*МагIарулай*

ЧIужугIадан, дица дур адабалъе
Аза-азар нухалъ бетIер къулула,
Дур хIеренлъиялъе къо хIехьеялъе,
ГIодоб накоги чIван, хIурмат гьабула.

Йигеб бакI къалъулей, къилба гIадинай
Къварилъи кидаго лъагеги дуда,
Эмен-вац рохарай, рос-рукъ разияй
Лъимал рукъалдаса йохун тайги мун!




МагIарулай

# Авар мацIги цIарги цIунарай

ГIолиллъиялъул гIужалде рахунаго бищунго ясазгун васаз тIаса бищулеб махщел ккола учительлъигун медиклъи. Цебе бугеб гIумроялъе мисал босизеги гIемерисез цеве чIезавула лъикIабги квешабги малъарав учитель. Гьебги бичIун байбихьана гIумроялъул аслияб нух Хунзахъ районалъул Гьамущи росулъа ГIумарова Патимат ХIамзатовналъги. Гьелъие кинабго гьабулелъе мисаллъун йикIана ва йиго авар мацIалъулгун литературалъул жиндирго учительница Хъатун Гъапуровна. Гьелъул чIей, дарс бициналъул къагIидаби, гIумроялъул нух такрар гьабуна гьалъ гIагараб мацIалда гIумроги бухьинабун. ЛъугIизабуна Дагъистаналъул педагоглъиялъул институталда авар мацIалъул ва литератураялъул факультет.

ГIумроялъул свералабаз батIи-батIиял рахъалде вачуна инсан. Гьедин бетIергьанчи Шамильхъала поселокалде хIалтIизе унев вукIиналъ къисмат нилъер районалда бухьинабизе ккана Пат1иматица. Гьедин 200I соналда авар мацIалъулгун литератураялъул учительницалъун хIалтIизе ячIана гьей нилъер районалде.

Бигьаго букIинчIо гьитIинабго Гьамущи росулъа гIолилалъе 800 гIагарун лъимер жаниб цIалулеб ругеб поселокалъул школалда хIалтIул нух цебе бачине, хасго гьанже гIурус мацIалда ругел дарсал гурони лъималаз къабул гьабулареб заманалда эбел-инсуца къадруялда цIунараб мацI гIолеб гIелалъе гьуинлъизабизе, тIаса-масагояб предмет гIадин толеб гьеб предмет бокьизабизе. Гьелъие гIолохъанай учительницаялъ ургъула гIемер батIи-батIиял къагIидаби, бицуна щибаб ракьалъул гIадамазул букIунин намус-яхI гIадаб живго чIухIулеб мацIги, хьвада-чIвадиги, гьеб тарал магIарулал кколарин ва эбел-эмен, рижараб ракь гIадин бокьизеги цIунизеги кколин гьеб.

ГIумроялъулъ цадахъ бугеб мацI лъачIогойищ букIинеб лъималазда,-ян толеб буго гьанже гьеб гIицIго лъималаз гуребги эбел-инсуцаги. Гьеб абуни буго бищунго кIудияб гъалатI. ГIадада гуро абулеб «кIвар кьечIого тараб кIванагIан кIочон толеб букIунин». Гьедин гIурусалъ гурони кIалъан бажаруларел магIарулал гIемерлъулел руго ахирияб заманалда.




КIвар гьечIолъи гIагараб мацIалдехун лъигIахьаллъула лъималгун республикаялъулгун районалъул тадбиразда, бищунго аслияб; бичIчIизабула мацI кIочарал цо лага камурал гIадал гIадамал кколин ва гьеб кIочаразда унго-унголъун живго вижараб ВатIан бокьизе кIоларин. Гьедин мац1алде рокьиги бижизабулаго г1олеб г1елалъе лъай кьеялъ Пат1иматил г1умроялъулъги загьирлъулел руго гьелъул махщел т1аса бищулеб г1олеб г1ел. Чангояз лъазабулеб буго жалги Пат1имат Г1умаровнаго г1адал авар мац1алъул учительзабилъун рахъинин абулел, жидерго бук1инесеб махщеллъун авар мац1алъулгун х1алт1и т1аса бищулел.

-Гьединаб бичIчIи кьеялъ хIасилалги кьолел руго, лъималаз гъираялда тIадчIей гьабулеб буго гIагараб мацI лъазабиялда,-ян бицана гарачIварулаго ПатIиматица.

Ракь-ракьалъул гIумроги, гьелъул гIагараб мацIги лъазе ккола унго-унгоял магIарулазда. Гьедин гьечIони гьев магIарулав кколаро. Цо щибалиго хIажатаб рахъ камун букIуна ВатIаналъул мацI кIочаразда г1умро т1амулаго.



малаз биччаялде кIвар кьун ялагьулей йигоан гIолохъанай педагог. ЦIикIкIунесел классазда магIарул мацIалъул дарсалги кьолаго, гIицIго гьел кьеялда хIалтIи къокълъизе толаро ПатIиматица. Дарсида ва гIумроялъулъ авар мацIалъ кIалъай гуребги гьелъ цIалдохъабаздасан тIалаб гьабула гьелъул художественнияб литература цIали, дарсазда ва эркенаб заманалда гIуцIула бахIсал,

РакI-ракIалъ руччабазул байрамги баркулаго нижеца хIурматияб хIалтIулъ лъикIал хIасилал гьарула Шамильхъала поселокалъул школалъул авар мацIалъул учительница ГIумарова ПатIимат ХIамзатовналъе цебе бугеб гIумроялъул нухда.

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА**

## *Руччабазе-малъиял*

(Къаси бахулеб кремалъул хIакъалъулъ)

Къаси бахунеб крем бахине ккола сагIат 9 ялде, гурони тIубараб сордоялъ гьеб гьурмада хут1ула хIажат гьечIеб жо гIадин. Гьеб бахине ккола тIеренго,цебеккун бацIадго чурараб гьормада, 40 минуталдасан гьелъул хутIелал салфеткаялъ нахъе рацIинеги ккола.

Кинго гьурмада крем бахунге бицатаб гъат гьабун ва гьеб къасде бахахъегоги тоге. Шайгурелъул асар гьабулеб тIом бугони, гьелъ тIад прищал разаризе бегьула. ЦIакъго лъикIаб гьечIо тIад асар гьабулеб крем гIемераб мехалъ бахун тезе.



ТIасияб кIветIалда ва нилъоялда расал рижулеб руччабаз гьел бакIазда крем бахинецин бегьуларо,гьелъ хехго гIезабула рас. Гьениб бахине лъикIаб буго вазелин.

**Кверазе хъулухъ кин гьабилеб?**

Кверал-малъал рацIад гьарила чороклъиялдаса сапнал лъеца.

Щибаб сордойил гьарила ваночкаби: 2 литр хинаб лъелъе тIела 2 ст. гъуд рижулел жалазул нах, чуре хинаб лъеца, рацIунге. Яги I5-20 минуталъ кверал лъе хинаб бетараб рахьдалъ яги рахьдал ридиялъулъ.

Кверал кутакалда лъикI гьарула овсянкаялъ. Гьеб бараб лъелъе тIе чанго тIири рижулел жалазул нах. Бакъул чIораз хвезабула ва бакъвазабула тIом, рижизарула цIинкрал, рехула кьватIелал. Гьелъие сахлъи кьола чIегIераб чедалъ. Гьелъул кесек хIеккинабе рахьдалъ, бахе квеpазда, 25-30 мн. тун чуре гьогьомараб лъеца, хадуб бахе крем.

Дагьабго гьими

## *Дуцаго такрар гьабе*



**Врачасухъ:** «Тохтур, дица дуда чан нухалъ абулеб бугеб, дун хIакъикъаталдаги унтун вуго». - «Щибго гьечIо, дуе, дуцаго дуего унтун вугин чIезабун буго дуца (самовнушение) - «Амма дун лъикI гьечIого вугоха». « Гьел руго ххвелал, ургъун рахъулел руго гьел харбал дуца.

-Такрар гьаре, дун сах-саламатго вуго, дун унтун гьечIо,-ян. Лъалаго мадар лъугьине буго дуе...»

-Баркала тохтур,-ян унтарав тIаде вахъуна.

**Врач**: гонорар киб бугеб?

-Гьеб хутIана дун унтун гьечIин чIезабураб дур рагIулъ.

-Тохтур, дуцаги такрар гьабе; дие сайгъат кьуна, дие сайгъат щвана,-ян. Гьелъ тIасияб рахъалъул гъира-цIа бачIине буго дулъе,-ян нахъе уна унтарав.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 9 (7854)
Хамиз 27 Февраль
2025 г

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере

Прокуратура разъясняет

## Сервитут земельного участка



В Министерстве по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан на рассмотрении находится обращение ПАО «Россети Северный Кавказ» об установлении публичных сервитутов в целях эксплуатации существующих линейных объектов системы электроснабжения регионального значения и их неотъемлемых технологических частей.

В соответствии со статьей 39.42 Земельного кодекса Российской Федерации в целях размещения сообщения о возможном установлении публичного сервитута на официальном сайте муниципального образования в информационно- телекоммуникационной сети «Интернет» направляет указанное сообщение и документы предусмотренные пунктом 1 и подпунктом 1 пункта 5 статьи 39.41 Земельного кодекса Российской Федерации.

Учитывая вышеизложенное, Минимущество Дагестана просит обеспечить опубликование сообщений и сведений о границах в порядке, установленном для официального опубликования (обнародования) правовых актов поселения, городского округа, по месту нахождения земельного участка и (или) земель, в отношении которых поданы указанные ходатайства (муниципального района в случае, если такие земельный участок и (или) земли расположены на межселенной территории), а также разместить сообщения и сведения о границах на информационных щитах в границах населенных пунктов, на территории 2которых расположены земельные участки, в отношении которых поданы ходатайства об установлении публичных сервитутов, а в случае, если такие земельные участки расположены за пределами границ населенного пункта, на информационном щите в границах соответствующего муниципального образования.

Приложение размещено в системе электронного документооборота СЭД «ДЕЛО»:
-сведения о границах территории, в отношении которой устанавливается публичные сервитуты;
-сообщения о возможном установлении публичных сервитутов.
Публичный сервитут находится по этому разделу Публичный сервитут

## Особенности назначения ежемесячного пособия в связи с рождением и воспитанием ребенка

С 5 августа 2024 вступают в силу дополнения, внесенные в постановление Правительства Российской Федерации от 16.12.2022 № 2330 «О порядке назначения и выплаты ежемесячного пособия в связи с рождением и воспитанием ребенка».
Введен порядок назначения пособия по месту пребывания или фактического проживания, если заявление подали не в том регионе, где раньше получали выплаты.
Сначала орган, осуществляющий назначение и выплату ежемесячного пособия, сопоставляет субъект Российской Федерации, в котором подано заявление о назначении ежемесячного пособия, с субъектом Российской Федерации, в котором находится налоговый агент заявителя; назначены меры социальной поддержки, пособие по безработице, пенсия по старости, по потере кормильца или по инвалидности; заявитель и (или) его супруга (супруг) ведут традиционный образ жизни и традиционную хозяйственную деятельность как лица, относящиеся к коренным малочисленным народам Севера, Сибири и Дальнего Востока Российской Федерации и др.

В случае совпадения субъекта Российской Федерации, в котором подано заявление о назначении пособия, с субъектом Российской Федерации, в котором установлен один из указанных фактов при условии отсутствия несовпадения субъектов Российской Федерации по иным основаниям, ежемесячное пособие назначается без предоставления дополнительных документов.
Если совпадения отсутствуют, заявителю придется представить один из документов, подтверждающих проживание по адресу из заявления. Это может быть, например, договор найма жилья, справка о посещении ребенком
детского сада или школы, профессиональной образовательной организации или образовательной организации высшего образования.
При отсутствии подтверждающего документа в пособии откажут.

## Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях дополнен новым составом

Федеральным закон от 08.07.2024 № 165-ФЗ «О внесении изменений в Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях» кодекс дополнен статьей 8.28.2, устанавливающей административную ответственность за пребывание в лесах с машинами (в том числе самоходными машинами, другими видами техники) и (или) оборудованием, предназначенными для рубки лесных насаждений, а также для транспортировки древесины из леса и предусмотренными перечнем, установленным Лесным кодексом Российской Федерации, если отсутствуют законные основания для осуществления рубок лесных насаждений.
Санкция статьи устанавливает наложение административного штрафа на граждан в размере от восьмисот до двух тысяч рублей с конфискацией машин и (или) оборудования, являющихся орудием административного правонарушения, или без таковой; на должностных лиц - от сорока тысяч до пятидесяти тысяч рублей с конфискацией машин и (или) оборудования, являющихся орудием административного правонарушения, или без таковой; на лиц, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, - от пятидесяти тысяч до ста тысяч рублей с конфискацией машин и (или) оборудования, являющихся орудием административного правонарушения, или без таковой; на юридических лиц - от трехсот тысяч до пятисот тысяч рублей с конфискацией машин и (или) оборудования, являющихся орудием административного правонарушения, или без таковой.

## Изменения законодательства о банковской деятельности

Федеральным законом от 04.08.2023 № 442-ФЗ внесены изменения в Федеральный закон «О центральном банке Российской Федерации (банке России), которые вступили в силу 01.07.2024 и регламентируют порядок рассмотрения обращений граждан.
В настоящее время обращения заявителей рассматриваются кредитными организациями в течение 15 рабочих дней со дня их регистрации, если иной срок не предусмотрен законодательством для отдельной категории обращений. Предусмотрена возможность продления срока рассмотрения обращения до 10 рабочих дней с обязательным уведомлением заявителя.
Регистрация обращений осуществляется не позднее рабочего дня, следующего за днем его поступления, с обязательным уведомлением заявителя о регистрации обращения.
Установлена обязанность кредитной организации по хранению обращений заявителей, копий ответов и уведомлений в течение 3 лет со дня их регистрации.
Указан перечень случаев, когда ответ по существу доводов не дается (например, отсутствие в обращении адреса, по которому должен быть направлен ответ; фамилии (наименовании) заявителя; содержание нецензурных либо оскорбительных выражений, угрозы имуществу кредитной организации, угрозы жизни, здоровью и имуществу работника кредитной организации, а также членов его семьи и др)

**Абдурагим Маликов.**

# ...Къуларай мун тIаде йорхизаюраб Барка, мугIарулай, микьабилеб Март!...

(РагIи-Суайбат ХIамзатовалъе)



## ТIабигIат берцинай, дир магIарулай

Къасде макьу гурей, къад рахIат гьечIей
БахIарчияй эбел, унго дур кверал,
Каранда дур лъурал гIемерал ругънал,
Рагъда вас тIагIиндал, рос гьенив чIвайдал.
ЧIагольи дур чорхолъ кинго тIагIинчIо
Кинаб къисматалъ мун кIвек1ананиги,
КIалдиб дур гьуинаб калам лъугIичIо
Каранда щиб ругъун дур лъунаниги.
Гьеб дур сабуралъе, дур сахлъиялъе
Санал гьарулаго ана, дир гIумро.
Дур къимат лъаларел лъимал кьогеги
Лъадиян ахIизе рос лъикIав щваги,
Щибаб къойил рокъоб рохел рещтIайги
Рохалил харбица мехтизаеги.
Къойил лъималаца «бабаян» ахIун
Бухайги дур нуцIа,щибаб рогьалилъ,
Гьезда хадур рачIун, гьезул лъималаз
КIудабабайилан еэдаги мун.
Зобалазда Аллагь, ракьалда эбел
Унгоха хиралъи гьел кIиязулго,
Гьезул къимат бугел къосун ккеларо
Къойил гьел рехсолел, рохун хутIула.

## Жаваб гьабизе лъачIей

Алжаналъул рокъой хьвадананиги
Хьул тIамураб кавсар, кIал чIван гьекъечIей,
ГIарасалъул бакъалъ юхIананиги
ГIаршалъул рагIдукье, лъугьине лъачIей.
КагIбаялъул гонгикь, гьардананиги
РекIел мурадалъе дугIа гьабичIей,
ГIарафалъул зонахъ яхананиги
ХIасраталъул цIадуй цIорой гьаричIей.
Дир чолода сверухъ свердананиги
Саяхъал беразе кIичI гъезе лъачIей,
Гъасда гIодов кIусун бицананиги
Дур рокьуе жаваб, гьабизе лъачIей.



## Руччабазе-накъит

Ихдалил тIугьдузул тIабигIат бугел,
ТIогьол кваcIиялъул берцинлъи бугел,
Бакъул канлъиялъул камиллъи щварал
Каранлъ рохел-хинлъи жидер гьарзаял.
Гьабулеб ишалъулъ мухIканлъи бугел
Ккараб къо борхизе рачел борчунел,
Чармил къвакIиялъул къартI чорхолъ бугел
Къулизе бегьула, нужее,бетIер.
Нужер хIал к1веялъги,бажариялъги
Бачуна кверзукье кинабго дунял,
Даимаб сахлъиги,рохел-хинлъиги
Хирияв Аллагьас кьеги, нужее!

## МагIарул ясал

МугIрул тIугьдул гIадал, магIарул ясал
МагIу хулугеги нужер беразда,
Чанил тIанчIи гIадал, чалухал ясал
Берцинаб гIумро кьун,рохизареги!
ГIолохъанлъиялъул гIумродул санал
ГIазугIан бацIадго нуха рерIаги,
ЦIадулал ракIазда рекIкI данд чIвачIого
Баркат бугелазул къадар батаги.
Къойил лъимал гьарун, рохизареги
Гьунар бугел лъугьун, чIухIун хутIайги,
Балагь- мунагьазда нуж кIочон тайги
РакIалда гьечIеб жо нахъ батугеги.

## МацIихъанасде

Мун хунилан абун, хадув гIодулев
ГIаданго ккеладай гьаб ракьалда тIад,
Рокьукъав мацIихъан, мун каманани,
Кинаб рахIат щвелеб, районалъего.
Эмен вац лъалареб лъавукъаб бетIер
Аллагьасда цеве кинан вахъинев,
Как-кIал кIочон тарав, мац1ил бетIергьан,
Щиб босундай инев ахираталде.
Хабалъ вукъулаго тIалкъеналдаса
КъвакIараб хъахIалъул, хъаба лъикI дуе,
Хъвадарун свакачIел гьел дур кверазе
Кагътил пачкаги лъикI, цадахъ босизе.
Нукар-Накир нагагь согIлъун ккантани
Судалде гIарза хъвай,гIедегIил гьабун,
ГIазаб цIикIкIун къезе гьел лъугьанани,
Коммунист вугилан хIинкъизе гьаре.
Как-кIалалъул бицун, гар-гар гьабуни,
Бахъун цебе рехе хъванщинаб гIарза,
ГIамал дур какизе гьел журанани,
Жигар гьабун, вакке полициялде.



## Хиялазда араб гIумро

Балагьараб мехалъ рекIел тIиналда
РекIараб цIа буго гьитIинаб хутIун,
Гьури щуридала гьелегьун бачIун,
Гьаругьин циндаго гIодой буссунеб.

ГIумро ахаде щун, букIананиги
Шенеди камичIо каранда жаниб,
Кибалиго доба кIочене тараб
РекIк1аб дур балагьи, букIуна цебе.

Щцин бахъун семула, сихI къотIун чIола
Суалазе жаваб дуца кьезегIан,
Кьурун юссун чIола, цинги барщула
Балагьидал аскIов, ватуларо, мун!

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский
район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@
yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 06. 03. 25 г.
15. 55
фактически -16. 55 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.